

# Sa yo se Dwa ou yo

**'Deklarasyon Dwa Viktim Agresyon Seksyèl Eta New York' (New York State Sexual Assault Victim Bill of Rights) la se yon lis enfòmasyon jeneral sou dwa ou yo. Kopi sa a se pou ou kenbe. Si ou vle, nou ka eksplike ou tout enfòmasyon sa yo an plis detay avan nenpòt egzamen oswa entèvyou fèt.**

## DWA FONDAMANTAL OU YO

- Yo pa ka trete ou diferan selon sèten karakteristik tankou ras ou, peyi ou soti, relijyon ou, oryantasyon seksyèl ou, si w gen andikap ou pa, laj ou, sous kote peman ou ap soti a, sèks ou, ak ki sèks ou idantifye tèt ou, oswa ki sèks ou ekspriye selon aparans ou.
- Sityasyon ou ak imigrasyon oswa peyi ou soti pa ka afekte swen oswa sèvis ijan ou yo. Ou ka mande yon entèprèt si li difisil pou ou konprann oswa pou w pale Anglè.
- Timoun minè ki poko gen 17 tan yo gen sèten dwa pou pran pwòp desizyon yo san yon paran oswa responsab legal.

## DWA OU NAN LOPITAL LA

- Ou ka gen yon reprezantan nan pwogram kriz kadejak lokal la ansanm ak ou pandan egzamen an.
- Ou ka fè yon egzamen nan nenpòt ki depatman ijans lopital yo kolekte prèv ak bay sèten swen medikal ki gen rapò ak agresyon seksyèl la gratis. Si ou pa gen asirans sante, oswa ou refize itilize asirans sante ou, ou ka mande lopital la pou li voye bòdwo bay Biwo Sèvis Viktim (Office of Victim Services) yo.
- Yo ka ba ou medikaman ou anpeche ou vin ansent oswa pran enfeksyon moun pran nan fè bagay (STI, ki rele tou STD, ann Anglè) gratis. Pou prevansyon VIH (VIH), ou ka kòmanse yon seri medikaman pou 7 jou nan lopital la.
- Y ap ba ou enfòmasyon sou swen medikal suivi ki apwopriye.

## POTE PLENT SOU SA KI TE PASE

- Ou ka chwazi si w vle pote plent bay polis la oswa ou pa.
- Ou ka chwazi pou genyen oswa pa genyen yon reprezantan nan pwogram kriz kadejak lokal la ansanm ak ou pandan entèvyou ak lapolis oswa pwokirè a.
- Y ap ba ou enfòmasyon pou kontakte lapolis oswa pwokirè k ap jere dosye w la.
- Ou ka kontakte lapolis oswa pwokirè a pou jwenn enfòmasyon sou ankèt kriminel la oswa pwosedi jiridik yo. Lapolis oswa pwokirè a pral di w nenpòt aksyon jiridik ki gen rapò ak dosye w la.
- Si ou chwazi pou pote plent bay lapolis, yo pral teste prèv ou yo nan 100 jou. Ou ka kontakte lapolis pou enfòmasyon sou yon korespondans ADN (DNA).
- Si ou chwazi pa pote plent bay lapolis, yo pral kenbe prèv ou yo pou 20 tan, oswa jiskaske ou decide lage li. Y ap fè w konnen si yo deplase prèv ou yo ak avan peryòd pou konsève yo fini.

# Kijan pou w jwenn plis èd

Ajans Lapolis: \_\_\_\_\_

Non moun pou kontakte a: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

Ajans Pwokirè a: \_\_\_\_\_

Non moun pou kontakte a: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

*Si ou pa konnen enfòmasyon moun pou kontakte nan lapolis oswa nan biwo pwokirè a, tanpri rele:*

- Si zak kriminèl lan te fèt nan Vil New York: Divizyon Viktim Espesyal nan Depatman Lapolis New York (New York Police Department Special Victims Division) **646-610-7273**.
- Si zak kriminèl te fèt nenpòt lòt kote nan Eta a: Liy Dirèk Agresyon Seksyèl Eta New York (New York State Police Sexual Assault Hotline) **1-844-845-7269**.

Ajans Defansè a: \_\_\_\_\_

Non moun pou kontakte a: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Imèl: \_\_\_\_\_

*Si ou pa konnen enfòmasyon moun pou kontakte nan ajans kriz kadejak ak asistans viktim nan, tanpri rele:*

- Liy Dirèk Eta New York pou Agresyon Seksyèl ak Vyolans Domestik (New York State Hotline for Sexual Assault and Domestic Violence) nan **1-800-942-6906**.

Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri al gade nan [www.ovs.ny.gov](http://www.ovs.ny.gov) oswa [www.health.ny.gov/prevention/sexual\\_violence/](http://www.health.ny.gov/prevention/sexual_violence/)



Department  
of Health